# Жоқарғы Кеңесте Башқуртстан делегациясы менен ушырасыў болып өтти

Бәршеңиздиң хабарыңыз бар, 16-май күни Башқуртстан Республикасының басшысы Радий Хабиров басшылығындағы ҳүкимет ағзалары, министрлик ҳәм мәкеме басшыларынан ибарат делегация Қарақалпақстанға келген еди.

Image not found or type unknown

Бүгин Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде Жоқарғы Кеңес Баслығы Мурат Камалов ҳәм ҳүкимет ағзаларының Башқуртстан делегациясы менен ушырасыўы болып өтти.

Ушырасыўда Жоқарғы Кеңес Баслығы М.Камалов делегация ағзаларын республикамызға сапары менен қутлықлап, еки ел арасындағы өз ара дослық, саўда-экономикалық, мәдений-гуманитар салаларда алып барылып атырған жумысларды айрықша атап өтти.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Өз нәўбетинде Башқуртстан Республикасы басшысы Р.Хабиров жыллы жүзлилик пенен қабыл еткени ушын Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығына өз миннетдаршылығын билдирип, инвестиция ҳәм экономикалық салаларда биргеликте жумыс алып барыўдан мәпдар екенлигин атап өтти.

Ушырасыў соңында өз-ара бирге ислесиў бойынша келисимге қол қойылды.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети